



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ SAN PARÈY POU EDIKASYON NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2024 LA, KI ENKLI 34.5 MILYA DOLA A NAN ÈD POU LEKÒL

Ogmantasyon Èd Lekòl pase nan 3 milya dola, pi wo nivo èd Eta a, Èd Fondasyon ki totalman finanse

Ogmantasyon 150 milyon dola nan prematènèl

134 milyon dola nan aksè elaji ak manje lekòl gratis

Elaji opòtinite edikatif ak 22 lòt lekòl endepandan

Investisman istorik pou Transfòmasyon SUNY ak Bezwen Estratejik CUNY yo

2.4 milya dola nan nouvo kapital pou SUNY ak CUNY, pi gwo investisman nan 15 ane

381 milya dola nan nouvo sipò operasyon pou SUNY ak CUNY

500 milyon dola nan fon kontrepati Eta pou kontribisyon dotasyon SUNY

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finansman edikasyon istorik ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la, ki gen ladan yon rekò 34.5 milya dola nan Èd Lekòl total pou ane eskolè 2024 la, sa ki make pi wo nivo èd eta ki te janm genyen. Bidjè a gen ladan tou investisman enpòtan pou Transfòmasyon SUNY ak Bezwen Estratejik CUNY yo.

"Tout Nouyòkè yo merite aksè ak yon bon jan kalite edikasyon, depi nan klas pre-kindègadenn jiska gradyasyon nan inivèsite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak èd Lidè Majorite a Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie, nivo envèstisman transfòmasyonèl san parèy sa a pral ouvri nouvo pòt pou plis elèv yo bati yon avni ki pi briyan pou tèt yo epi jwenn konpetans ki nesèsè pou travay nan tan k ap vini an."

Finansman Edikasyon P-12 Istoric

Finansman konplè Èd pou Fondasyon

Bidjè a reflekte angajman solid Gouvènè Hochul pran anvè edikasyon lè li bay plis finansman pou satisfè bezwen elèv yo, pwofesè yo, ak lekòl yo. Bidjè a enkli yon 34.5 milya dola istorik nan Èd Lekòl total yo, pi wo nivo èd Eta nan listwa. Sa gen ladan 24 milya dola pou Èd Fondasyon—yon ogmantasyon 2.6 milya dola pa rapò ak ane pase—pou respekte pwomès Gouvènè Hochul la pou finansman totalman Èd Fondasyon pou premye fwa nan listwa. New York kontinye bay plis finansman edikasyon pou chak elèv nan nasyon an. Finansman sa a ap ede bay chak timoun nan New York zouti pou yo reyisi atravè yon bon kalite edikasyon.

Agrandi Pre-Matènèl Inivèsèl la

Gouvènè Hochul ap bay tou yon 150 milyon dola adisyonèl pou elaji pwogram bon jan kalite pre-kindègadenn bay 20,000 timoun atravè Eta a, sa ki fè investisman total anyèl pre-kindègadenn Eta a pase a plis pase 1.2 milya dola. Avèk ogmantasyon sa a, Eta a angaje plis pase 95 pousan an tèm kouvèti inivèsèl pre-kindègadenn yon fason pwogresif pou timoun kat ane.

Ogmante Aksè ak Manje Lekòl Gratis

Bidjè a bay 134 milyon dola nan fon Eta a pou ankouraje lekòl piblik ak lekòl prive ki gen revni fèb ki kalifye yo pou yo patisipe nan pwogram Pwovizyon Eljibilite Kominotè federal la, ki pèmèt tout elèv ki nan lekòl sa yo manje dejene ak dine san okenn frè kèlkeswa revni fanmi yo.

Konstwi yon Mendèv pou Lavni

Bidjè a asiyen 20 milyon dola pou finansman Lekòl Segondè pou Inivèsite Antisipe (Early College High School, ECHS) ak Chemen Teknoloji nan Lekòl Segondè ki Ofri Kou Inivèsitè Antisipe (Pathways in Technology Early College High School, P-TECH) pou pèmèt elèv yo jwenn kredi inivèsitè nan lekòl segondè, bay priyorite ak etidyan yo ki nan distri lekòl ki gen anpil bezwen yo. Bidjè a gen ladan tou yon 10 milyon dpola adisyonèl pou kreye yon filyè mendèv solid soti nan lekòl segondè rive nan inivèsite. Finansman an ap disponib pou distri eskolè yo, konsèy sèvis pedagojik koperatif (board of cooperative educational services, BOCES), ak kolèj kominotè pou devlope plan mendèv estratejik ki ankouraje preparasyon pou travay. Inisyativ sa yo pral ede transfòme sistèm edikasyon New York yo, pou prepare elèv nou yo pou travay alavni yo.

Refòme Fiksasyon Pri Ekolaj pou Edikasyon Espesyal

Bidjè a gen ladan 2.5 milyon dola pou Depatman Edikasyon Eta a etidye ak konsewa yon nouvo metodoloji pou fikse tarif yo pou rasyonnalize ak amelyore rapidite tarif ekolaj yo pou lekòl edikasyon espesyal yo. Finansman sa a pral ede asire founisè edikasyon espesyal yo ka kontinye bay bon jan kalite sèvis pou elèv ki gen andikap yo.

Elaji Opòtinite Edikatif ak 22 Lòt Lekòl Endepandan

Bidjè Dekrete a otorize re-emisyon 22 lekòl endepandan ke yo te pibliye okòmansman bay lekòl endepandan yo ki te fèmen depi lè sa a. Sa pral pèmèt yon lòt 14 lekòl endepandan ouvri nan Vil New York ak uit lekòl endepandan nan rès eta a.

Envesti nan Transfòmasyon SUNY ak Bezwen Estratejik CUNY yo

Bidjè a bay yon nivo sipò san parèy pou Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY). Sa gen ladann finansman pou aplike vizyon Gouvènè Hochul pou transfòmasyon SUNY ak investisman estratejik nan CUNY. Finansman sa a pral ede tou de sistèm yo ogmante pousantaj enskripsyon ak achèvmman, prepare etidyan yo pou djòb ki gen demand yo, asire yon eksperyans etidyan klas mondyal, rekrute pi gwo pwofesè yo, epi bay yon pakèt diplòm ak kalifikasyon.

Bay 2.4 milya dola pou nouvo Pwojè Kapital nan kanpis SUNY ak CUNY yo

Bidjè a envesti 2.4 milya dola nan nouvo finansman pou pwojè kapital SUNY ak CUNY pou amelyore enstalasyon kanpis yo epi fè investisman estratejik pou sipòte inovasyon ak kwasans tou de sistèm yo. Pwojè yo pral gen ladan amelyorasyon etablisman atravè SUNY ak CUNY, sistèm dijital ak IT dènye kri, finansman pou nouvo bilding rechèch ak building ki renove, laboratwa, enstriman dènye kri, ak antretyen enstalasyon kanpis SUNY ak CUNY ki deja egziste nan yon bòn eta reparasyon. Sa gen ladann 1.3 milya dola pou kanpis SUNY ke Eta opere, 919 milyon dola pou kolèj segondè CUNY, 106 milyon dola pou kolèj kominotè SUNY, ak 120 milyon pou kolèj kominotè CUNY.

Ogmante Sipò Eta a pou Kanpis SUNY ak CUNY yo

Bidjè a gen ladan 256 milyon dola nan nouvo èd jeneral renouvlab pou fonksyonman pou kanpis SUNY yo ke Eta a opere (163 milyon dola) ak kolèj segondè CUNY yo (93 milyon dola) ak yon lòt 125 milyon dola (75 milyon dola SUNY, 50 milyon dola CUNY) pou yon investisman inik nan inisyativ transfòmasyon yo nan kanpis ki sipòte inovasyon, ede satisfè bezwen mendèv alavni yo, epi bay etidyan yo sipò ki nesèsè. Anplis de sa, akò bidjè a gen ladan yon angajman pou plizyè ane pou bay SUNY ak CUNY ogmantasyon èd pou operasyon jeneral ki se 90 milyon dola (4 pousan) (54 milyon dola pou SUNY, 36 milyon dola pou CUNY) nan chak nan de ane akademik sa yo epi bay tou de sistèm yo fleksibilite pou ogmante frè ekolaj pou moun ki pa rezidan yo pou jenere revni pou fonksyonman kanpis adisyonèl.

500 milyon dola nan fon kontrepati Eta pou kontribisyon dotasyon SUNY

Bidjè yo adopte a kreye premye fon konpatib Eta New York pou kontribisyon yo te vèse nan dotasyon kat sant inivèsite SUNY yo. Buffalo, Stony Brook, Albany, ak Binghamton. Fon an pral bay 1 nan fon Eta a pou chak 2 dola yo kontribye nan dotasyon inivèsite yo, jiska 500 milyon dola nan fon Eta a yo.

Sipòte kolèj kominotè yo

Bidjè a gen ladan yon planche finansman 138 milyon dola pou kenbe nivo finansman aktyèl kolèj kominotè yo, pou evite yon pèt nan èd nan fòm lan akòz bèns enskripsyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418